


# Apèsi sou Kalite Lekòl 2014-15 / YABC

[schools.nyc.gov/](http://schools.nyc.gov/)

## New York City YABC (99M999)

### Ankadreman pou Bonjan Lekòl

Rechèch montre lekòl ki solid nan sis domèn yo gen plis chans lontan pou yo amelyore aprantisaj elèv.



Ansèyman solid	<i>gade paj 2</i>
Pwofesè ki travay an kolaborasyon	<i>gade paj 2</i>
Lidèchip lekòl efikas	<i>gade paj 2</i>
Lyen sere ant fanmi ak kominote a	<i>gade paj 3</i>
Lyen sere ant fanmi ak kominote a	<i>gade paj 3</i>
Konfyans	<i>gade paj 2</i>

**AKONPLISMAN ELÈV** *gade paj 2*

### APÈSI SOU LEKÒL LA

Pwogram YABC Vil Nouyòk la pran fyète nan misyon li pou konekte avèk elèv, bay yo sipò lè li bay yo konsèy ak travay pou defann kòz yo, bay yo estaj peye, preparasyon/konsèy pou kolèj ak, sa ki pi enpòtan an, motive elèv pou yo pran yon diplòm lekòl segondè. Tout elèv jwenn avantaj apwòch aprantisaj pratik nan yon klas ki pa gen anpil elèv, patisipe nan pwojè an kolaborasyon ak ranfòse konesans yo pou yo rezoud pwoblèm. Yo ofri preparasyon Regents, kou ochwa, ak leson patikilye endividyèl.

Anviwònman nou an akeyi ak sipòte tout elèv pandan y ap travay pou pran yon diplòm lekòl segondè avèk siksè, sa ki elaji opsyon elèv nan direksyon edikasyon siperyè ak bon djòb. N ap prepare elèv nou yo pou yo konpetan nan yon mache mondyal ki santre sou teknoloji.

Apèsi 2014-15 la, ki se premye nan rapò sa yo yo distribye pou lekòl D75, pa gen seksyon klasman ladan. Ap gen seksyon klasman nan rapò sa yo pou lòt distribisyon, apati Apèsi 2015-2016 yo.

### Enfòmasyon jeneral

Direktè: Jane Doe  
Efektif : 308  
Mwayèn SAT: 2400/1161

#### Done sou popilasyon elèv

Azyatik : 3% | Nwa : 46% | Ispanik : 38% |  
Blan : *and English Language Learners* 14%  
Elèv ki gen bezwen espesyal : 22%  
Elèv ki twò gran pou klas la/ pa gen ase kredi\* : 33%

#### Prezans

Chanjman an mwayèn nan prezans elèv: -6,6%




[52 Chambers St.](#)  
Manhattan, NY 10008  
212-722-1395

### Aktivite, Espò, ak Art

**79%** elèv santi lekòl sa a ofri yon kantite ase pwogram varye, kou, ak aktivite ki fè yo rete enterese rete lekòl

### Lòt aktivite andeyò kourikoulòm debaz la

Leson patikilye lè Samdi, estaj Work Study, Ekpozisyon ak vizit kolèj, APEX, iZone, Archery Club, Culinary Club, College Now, DIG/IT



## Akonplisman elèv: Seksyon sa a prezante rezilta egzamen eta lekòl la, ladan devlopman ak pefòmans elèv, kòman elèv travay nan matyè debaz yo, ak nan ki nivo elèv prepare pou lekòl segondè.

### Pwogrè sou wout pou gradyasyon

#### Kredi

**8,1**

kantite kredi an mwayèn elèv ki te kòmanse ane a avèk 22 kredi pou pi plis rive pran.

Gwoup konparezon\*: 5,1


**8,8**

kantite kredi an mwayèn elèv ki te kòmanse ane a avèk plis pase 22 kredi rive pran.

Gwoup konparezon\*: 7,2

#### Regents

Nan ki pwen lekòl sa a ede elèv amelyore nivo konpetans yo te genyen lè yo antre nan lekòl la ak pase egzamen *Regents* yo ?



### Gradyasyon

#### Tout Elèv

**63%**

elèv gradye Lekòl segondè.

Gwoup konparezon\*: 42%

#### Elèv ki gen plis risk

**37%**

to gradyasyon pou elèv ki pat sou wout pou yo gradye ditou ditou dapre laj yo lè yo te antre lekòl sa a.

Gwoup konparezon\*: 25%

#### Lòt elèv ki twò gran pou klas la/ pa gen ase kredi

**57%**

to gradyasyon pou elèv ki pat sou wout ditou pou yo gradye dapre laj yo lè yo te antre lekòl sa a.

Gwoup konparezon\*: 35%

#### Pèsistans Lekòl segondè

**86%**


elèv gradye, jwenn yon ekivalan lekòl segondè, jwenn yon diplòm altènatif pou gradyasyon, oswa rete nan lekòl la pou yo toujou vini lekòl.

Gwoup konparezon\*: 56%

*To gradyasyon YABC a baze sou elèv ki gradye nan espas sis ane depi yo te kòmanse lekòl segondè, oswa sèt ane pou elèv ki pat sou wout pou yo gradye ditou ditou lè yo te antre lekòl sa a. Lòt elèv (pwomosyon avan) ki gradye ane sa a ladan tou.*

#### Fèmèn eka a nan reysit elèv

Nan ki pwen lekòl sa a ede elèv gradye



### Pousantaj elèv ki kontinye etid yo apre lekòl segondè

**32%**

elèv gradye nan lekòl segondè epi enskri nan yon kolèj oswa lòt pwogram apre lekòl segondè nan espas sis mwa

Gwoup konparezon\*: 21%


Opsyon apre lekòl segondè elèv nan lekòl sa a pou suiv:

- 3% CUNY (City University of New York) - 4 ane
- 26% CUNY (City University of New York) - 2 ane
- 2% Leta Nouyòk
- 1% Prive Nouyòk
- 2% Andeyò eta Nouyòk
- 0% Lòt bagay

#### KÒD



\***Gwoup konparezon** konpoze avèk elèv lòt lekòl atravè vil la ki te sanble plis avèk elèv nan lekòl sa a, dapre rezilta egzamen yo, kondisyon andikap yo, bezwen ekonomik ak kondisyon laj yo ki twò gran pou klas la. Lè yo konpare rezilta lekòl la ak rezilta "gwoup konparezon" an sa bay enfòmasyon sou kòman lekòl la ap ede elèv li dapre kòman yo te kòmanse ak obstak yo rankontre.



## Ansèyman solid

Kourikoulòm ak enstriksyon la pou angaje elèv, ankouraje abilite panse kritik, epi yo mache avèk *Common Core* la.

### Sondaj<sup>2</sup>

**89%**

reponn kesyon osijè  
Enstriksyon solid la yon  
fason pozitif

Vil: 85%

### Kesyon yo chwazi

**89%** di yo aprann anpil bagay nan travay yo fè (Vil: 84%)

**94%** konnen pwofesè yo vle pou yo aprann lè yo nan klas (Vil: 90%)

**88%** pwofesè di elèv kontinye sou ide youn lòt lè pandan y ap fè diskisyon nan klas (Vil: 78%)

## Pwofesè ki travay an kolaborasyon

Pwofesè patisipe nan opòtinite pou fòme tèt yo, grandi, ak kontribye nan amelyorasyon san rete kominote lekòl la.

### Sondaj

**92%**

reponn kesyon osijè  
Pwofesè k ap travay an  
kolaborasyon yon fason  
pozitif

Vil: 86%

### Kesyon yo chwazi

**92%** pwofesè di yo travay ansanm pou yo bati pwogram ansèyman (Vil: 91%)

**88%** pwofesè di yo gen opòtinite pou travay avèk siksè ansanm avèk kolèg nan lekòl yo (Vil: 85%)

**96%** pwofesè di yo santi yo responsab pou tout elèv aprann (Vil: 89%)

## Anviwònman agreyab

Lekòl la etabli yon kilti kote elèv santi yo an sekirite, kote yo pouse yo pou devlope, ak ede yo satisfè gwo atant yo gen sou yo.

### Sondaj

**84%**

reponn kesyon osijè  
Anviwònman agreyab  
yon fason pozitif

Vil: 83%

### Kesyon yo chwazi

**81%** pwofesè santi yo an sekirite nan koulwa yo, nan twalèt yo ak nan *locker room* yo ak nan kafeterya a (City: 84%)

**79%** di pwofesè fè pote atansyon lè yo pa kontan oswa lè yo gen difikilte emosyonèl (Vil: 71%)

**87%** elèv di lekòl sa a ede yo konprann pwosesis apre lekòl segondè a (Vil: 82%)

### Anviwònman ki gen mwens restriksyon

Pasaj elèv ki gen bezwen espesyal nan yon anviwònman ki gen mwens restriksyon



### <sup>2</sup>Pousantaj repons sondaj

Pwofesè : 54%

Paran : 6%

Elèv : 59%

### KÒD


Ekselan

Byen

Fwa pou

Resous

Mal



### Lidèchip lekòl efikas

Lidèchip lekòl la ba kominote lekòl la enspirasyon avèk yon vizyon pedagojik klè epi aplike lidèchip yon fason efikas pou reyalize vizyon sa a.

<p><b>Sondaj<sup>2</sup></b> <b>84%</b> reponn kesyon sou lidèchip efikas lekòl la yon fason pozitif Vil: 82%</p>	<p><b>Kesyon yo chwazi</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><b>96%</b> pwofesè di direktè lekòl la kominike yon vizyon byen klè pou lekòl sa a (Vil: 86%)</li> <li><b>92%</b> pwofesè di kourikoulòm lan ak ansèyman an byen kowòdone atravè diferan nivo klas yo (Vil: 82%)</li> <li><b>85%</b> paran santi direktè lekòl la travay pou kreye yon sans kominote nan lekòl la (Vil: 89%)</li> </ul>
---	---

### Lyen sere ant fanmi ak kominote a

Lekòl la fòme patnèchip ki efikas avèk fanmi ak òganizasyon andeyò sistèm lekòl la pou amelyore lekòl.

<p><b>Sondaj</b> <b>79%</b> reponn kesyon sou Koneksyon fanmi-kominote yon fason pozitif Vil: 75%</p>	<p><b>Kesyon yo chwazi</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><b>94%</b> paran di estaf lekòl la kominike regilyèman avèk yo sou fason estaf la ka ede elèv aprann (Vil: 88%)</li> <li><b>95%</b> paran santi pwofesè yo eseye konprann pwoblèm ak enkyetid fanmi (Vil: 90%)</li> <li><b>96%</b> pwofesè di pwofesè nan lekòl sa a travay nan tèt kole avèk fanmi pou satisfè bezwen elèv (Vil: 91%)</li> </ul>
---	---

### Konfyans

Relasyon ant administratè, edikatè, elèv ak fanmi baze sou konfyans ak respè.

<p><b>Sondaj</b> <b>91%</b> reponn kesyon osijè Konfyans yon fason pozitif Vil: 89%</p>	<p><b>Kesyon yo chwazi</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><b>75%</b> pwofesè di yo fè direktè lekòl la konfyans (Vil la: 82%)</li> <li><b>96%</b> pwofesè di yo fè youn lòt konfyans (Vil la: 87%)</li> <li><b>94%</b> paran di estaf lekòl la travay di pou bati relasyon konfyans avèk yo (Vil: 91%)</li> <li><b>88%</b> elèv di pwofesè trete yo avèk respè (Vil: 86%)</li> </ul>
---	--

**Lòt Enfòmasyon**  
Rapò sa a la pou bay yon rezime enfòmasyon enpòtan lekòl, men ou p ap jwenn tout bagay ladan.

Pou plis enfòmasyon, nou ankouraje paran pou gade lòt resous, tankou Anyè lekòl, Gid kalite lekòl, Evalyasyon kalite, ak Sondaj lekòl Vil Nouyòk, epi pale avèk manm kominote lekòl la.

<sup>2</sup>Pousantaj repons sondaj  
Pwofesè : 54%  
Paran : 6%  
Elèv: 59%